ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№164 (23.322) ● 2016 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 24, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Голодец Ольгэ иригъэкIуэкIа урысейпсо селектор зэIущIэр гъэ еджэгъуэщIэм зэрызыхуагъэхьэзырам теухуауэ щытащ. Абы хэтащ КIуэкIуэ Юрий

**Урысейм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голодец О. Ю. дыгъуасэ иригъэкIуэкIащ егъэджэныгъэм и IэнатIэр гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэхьэзырым теухуа урысейпсо селектор зэIущIэ. Абы хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А.**

ЗЭIУЩIЭМ и пэщIэдзэм Голодец Ольгэ къыхигъэщхьэхукIащ Урысейм и курыт школхэм фокIадэм и 1-м сабий мелуан 14,1-рэ зэрекIуэлIэжынур. Къэгъэлъэгъуапхъэщ япэ классым щIэтIысхьэхэм я бжыгъэр нэрылъагъуу нэхъыбэ зэрыхъуар. 2015 гъэм сабий мелуан 1,46-рэ япэ классым кIуауэ щытамэ, иджы ахэр мелуан 1,6-м нэсащ. Вице-премьерым зэрыжиIамкIэ, нобэм ирихьэлIэу школхэм я процент 90-р гъэ еджэгъуэщIэм хуэхьэзырщ.

Зи зыужьыныгъэкIэ я ныбжьэгъухэм къащхьэщыкI сабийхэм папщIэ егъэджэныгъэм и къэрал федеральнэ жыпхъэу тIу мы гъэм къагъэсэбэпу щIадзэнущ. Абы папщIэ щIыналъэ псоми ягъэхьэзырын хуейщ апхуэдэ программэхэмкIэ лэжьэфыну егъэджакIуэхэр.

Дызыхыхьэ илъэсым зэхъуэкIыныгъэ пыухыкIахэр халъхьэнущ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр къызэрыIах щIыкIэм. КъапщтэмэкIэ, биологиемкIэ, химиемкIэ, физикэмкIэ жэуап тэмэмыр къызэрыхах къеIыхыкIэр хагъэкIынущ. Апхуэдэу урысыбзэмкIэ тхыгъэ хэмыту экзаменхэр къызэрыIахыну щIыкIэр яубзыхунущ.

Голодец Ольгэ апхуэдэу жиIащ сабий унэхэм щапIыж цIыкIухэр мы гъэм курыт школ псоми зэрыщеджэнур. Абы мыхьэнэшхуэ иIэнущ сабий унэхэм щыIэ псэукIэр унагъуэхэм щыIэхэм пэгъунэгъу щIынымкIэ. Апхуэдэу вице-премьерым щIыналъэхэм егъэджэныгъэмкIэ я IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм ягу къигъэкIыжащ сабийхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным гулъытэ хэха хуащIын зэрыхуейр.

2016 гъэм шыщхьэуIум и 23-м ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и школхэр гъэ еджэгъуэщIэм процент 99,9-кIэ хуэхьэзыру къалъытащ. ИджыпстукIэ школитIым я ухуэныгъэхэр йокIуэкI. Республикэм щыпхагъэкI егъэджэныгъэм и IуэхущIапIэхэр терроризмэм и шынагъуэм щыхъумэным хуэгъэзауэ зэхалъхьа Iуэхухэр.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



● Мэшыкъуэ-2016

## ЩIалэгъуалэ зэхыхьэм и лэжьыгъэр еух

**«Мэшыкъуэ-2016» Кавказ Ищхъэрэ щIалэгъуалэ форумыр зэхуащIыжащ. Хэгъуэгум щрагъэкIуэкIа зэхыхьэм и унэтIыныгъэ псоми я лэжьыгъэр тэмэму кърахьэлIащ.**



ФОРУМЫМ хэтащ Лъэпкъ IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм и тхьэмадэ **Баринов Игорь**, «Росмолодежь»-м и унафэщI **Поспелов Сергей**, Кавказ Ищхъэрэм и хэгъуэгухэм я лIыкIуэхэр. Жыджэру абы зыкъыщагъэлъэгъуащ жылагъуэ лэжьакIуэхэм. УФ-м и Президентым деж Граждан жылагъуэм зегъэужьынымрэ цIыхухэм я хуитыныгъэр хъумэнымкIэ щыIэ Советым жэуап зыхь и секретарь **Лантратовэ Янэ**, Москва дэт кавказ клубым и унафэщI **Джафаров Щамил** сымэ форумым хэтхэм псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкIуэкIащ.

Урысейпсо цIыхубэ фронтым и «За честные закупки» проектым, щIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалым, 2019 гъэм ирагъэкIуэкIыну ЩIымахуэ Универсиадэм зэрызыхуагъэхьэзырым ныбжьыщIэхэр щагъэгъуэзащ.

ЦIыхур япэу хьэршым зэрылъатэрэ илъэс 55-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ, щIалэгъуалэ зэхыхьэм и япэ Iыхьэр иухыху, Гагарин Юрий и пхъурылъху Караваевэ Екатеринэ фIыщIэ письмохэр хуатхащ.

Щэнхабзэ унэтIыныгъэмкIэ ныбжьыщIэхэм ядэлэжьащ Имперскэ урыс балетым и унафэщI Таранда Гедиминас, къэфакIуэ цIэрыIуэ Папунаишвили Евгений, зэIущIэ гъуэщIэгъуэнхэр ирагъэкIуэкIащ Москва дэт Цирк Иным и унафэщI Запашный Эдгар, театрымрэ киномрэ я актёр Куценкэ Гошэ, актрисэ Шкирандо Валерие сымэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ Урысей кином и илъэсым хэту, кинематографие унэтIыныгъэм зэхыхьэм гулъытэ хэха зэрыщыхуащIар. Форумым щыIэхэр «Коробка», «Ночные стражи» киноущIэхэм ирагъэплъащ. «Ленфильм» студием и унафэщI **Пичугин Александр** «искусствэм щынэхъыщхьэм» теухуауэ ныбжьыщIэхэм епсэлъащ.

Хабзэ хъуауэ, форумым зыкърагъэхьэлIэ КВН-м, «Камеди Клаб» программэм хэтхэм. Апхуэдэу щIалэгъуалэр хуэзащ Реввэ Александр, Слепаков Семён, Ляпоров Алексей, Романко Илья, Тарбаев Сангаджи сымэ. Москва и Цирк Иным и гупымрэ Дагъыстэным къикIа «Да» гушыIакIуэ дуэтымрэ я зэфIэкIыр утыкум щагъэлъэгъуащ.

Псом хуэмыдэу зи щIалэгъуэхэм гукъинэж ящыхъуащ ди къэралым и спортсменхэм, Олимп чемпионхэм зэрахуэзар. Совет фигуристкэ **Роднинэ Иринэ**, кикбоксёр **Хасиков Бату**, ММА-м и урысей бэнакIуэ **Березиковэ Юлие**, боксымкIэ дунейпсо чемпионкэ **Очигавэ Софье** сымэ ныбжьыщIэхэм гуапэу кърагъэблэгъащ. Ставрополь щIыналъэм къыбгъэдэкIыу Урысейм и командэм хэту гандболымкIэ Олимп чемпион хъуа **Лавров Игорь**, Осетие Ищхъэрэ - Аланием и Олимп чемпионхэу **Таймазов Артур** (бэнэкIэ хуитымкIэ), **Шанаевэ Аидэ** (фехтованиемкIэ), **Бароев Хьэсэн** (алыдж-урым бэнэкIэмкIэ), **Хугаев Алан** (бэнэкIэ хуитымкIэ), **Тменов Тамерлан** (дзюдомкIэ) сымэ щIалэгъуалэм псалъэмакъ гъэщIэгъуэнхэр драгъэкIуэкIащ.

Форумым хэт куэд щыгуфIыкIащ зэзауэ зэхэтхэмкIэ мызэ-мытIэу чемпион хъуа, самбэмкIэ ди къэралым бгъуэ, дунейм псом плIэнейрэ чемпион щыхъуа **Емельяненкэ Фёдор** хуэзэну Iэмал зэраIам.

Спортсменхэм я къэпсэлъэныгъэр нэхъыбэу Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Олимп джэгухэмрэ ди къэралым и спортсмен гупхэм къыкIэлъызэрахьа хьэгъэщагъэмрэ теухуат. Спорт зэхьэзэхуэхэмрэ политикэмрэ зэхэбгъэзэрыхь зэрымыхъунур, бзаджагъэкIэ ди ужь къихьахэм жылагъуэр ерыщу зэрыпэщIэтыпхъэм ныбжьыщIэхэри хьэщIэхэри тепсэлъыхьащ.

Форумым и дарэгъухэу «Россети» ПАО-м и генеральнэ унафэщI **Бударгин Олег**, «Почта России» ФГУП-м и генеральнэ унафэщIым и къуэдзэ **Тимошин Сергей**, «Курорты Северного Кавказа» АО-м инвесторхэм ядэлэжьэнымрэ проект финансированиемкIэ и дирекцэм и унафэщI **Смитиенкэ Степан**, Кавказ Ищхъэрэм и ХъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я ассоциацэм и гъэзэщIакIуэ унафэщI **Мусаев Ражап** сымэ ныбжьыщIэхэм псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкIуэкIащ. Презентацэ гъэщIэгъуэнхэр ирагъэкIуэкIащ «Сбербанк», «Ростелеком», «Минеральные воды» IуэхущIапIэхэм.

«Мэшыкъуэ-2016»-р зэрекIуэкIар ТАСС хъыбарегъащIэ агентствэмрэ «Эхо Кавказа», «Кавказ Сегодня» интернет порталхэмрэ махуэ къэс ятхыжырт.

Форумым и IыхьитIми проект гъэщIэгъуэнхэр щагъэлъэгъуащ. Проектхэм я зэпеуэм ипкъ иткIэ мы гъэм сом мелуан 35,5-рэ цIыху щхьэхуэхэм я проекти 105-м трагуэшэнущ, юридическэ IуэхущIапIэ 20-м сом мелуан 50 иратынущ.

Дыщогугъ а проектхэм я фIыгъэкIэ ди цIыхухэм я гъащIэр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми ефIэкIуэну.

*«Мэшыкъуэ-2016» щIалэгъуалэ зэхыхьэм и пресс-IуэхущIапIэ.*



## Сыбырым щыпсэухэм ди фильмхэр ягу ирохь

**Новосибирск къалэм къикIри Налшык и жылагъуэ телерадиокомпанием телеграммэ къэкIуащ. Абы итщ:**

«Ди лэжьэгъу лъапIэхэ!

Ди гуапэу хъыбар фыдогъащIэ «Сыбырым щекIуэкI зэIущIэхэр» 19-нэ дунейпсо фестивалым и программэм фи деж щытраха «Къыу закъуэ» фильмыр зэрыхагъэхьамкIэ. А фильм гъуэзэджэмрэ ар зытеухуа цIыхубзымрэ псоми хуабжьу яфIэгъэщIэгъуэнщ икIи ар тезыха режиссёрым езым фильмыр цIыхухэм я пащхьэ ирилъхьамэ нэхъ тэмэм хъунт».

А махуэ дыдэм Налшык и жылагъуэ телерадиокомпанием къагъэхьыжащ «Урысейм и патриотхэр» XV урысейпсо конкурсым «Хэкум къулыкъу худощIэ» номинацэмкIэ лауреат зэрыщыхъуам и щыхьэт дипломыр.

Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэмкIэ ди лэжьэгъухэм дохъуэхъу.

## Лагерхэм якIэлъоплъ

**КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Асанов Алим «Алые зори» (Дзэлыкъуэ район), «ХьэтIохъущыкъуей» (Бахъсэн щIыналъэ) лагерхэм щыIащ, абыхэм щекIуэкI лэжьыгъэр къипщытэн мурадкIэ. Апхуэдэу лагерхэм я щыIэкIэ-псэукIэм зыщигъэгъуэзащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI Яськовэ Ольгэ.**

«АЛЫЕ ЗОРИ» лагерыр сабийхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызэгъэпэщынымкIи я мылъку-техникэ лъабжьэр зыхуэдэмкIи нэхъыфIхэм ящыщ зыуэ къалъытащ. Абы и Iуэхухэр дэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъуащ Дзэлыкъуэ район администрацэр. Нэгузыужь зэхыхьэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр, цIыкIухэр зэрагъашхэр, я узыншагъэм зэрыкIэлъыплъыр, - дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри дагъуэншэу къызэрагъэпэщат. Гъэмахуэ мазищым кърикIуэм сабийхэм яхэта гъэсакIуэхэми Iэзагъыу зэрахэлъыр къагъэлъэгъуащ. Сабийхэри адэ-анэхэри псомкIи арэзыт, ныбжьыщIэхэм я къыкIэлъыкIуэ зыгъэпсэхугъуэр абы щагъэкIуэну гукъыдэжышхуэ яIэщ.

Узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж IуэхущIапIэхэм гъэмахуэ лъэхъэнэм кърикIуэу сабий мини 10-м щIигъум зыщагъэпсэхуащ.

- Гъэмахуэ лъэхъэнэр и кIэм ноблагъэ. Республикэм узыншагъэр щрагъэфIэкIуэж и IуэхущIапIэхэм узыфэ зэрыцIалэхэр къыщыхъея, ерыскъыр емызэгъыу сабийхэр сымаджэ щыхъуа нобэр къыздэсым щыIакъым, - жиIащ Асанов Алим. - КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, зызыгъэпсэхуа сабийхэм я процент 94-м я узыншагъэр ефIэкIуащ. Ар, шэч хэмылъу, сэбэп хъунущ гъэ еджэгъуэщIэр ехъулIэныгъэ яIэу ирахьэкIынымкIэ.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**



## НОБЭ

♦**Украинэм и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ.** 1991 гъэм Радэ Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ Украинэм къэралыгъуэ щхьэхуэу зыкъызэрилъытэжым теухуауэ.

♦**79 гъэм** Везувий вулканыр къибыргъукIащ. Абы щIым щыщ ищIауэ щытащ Помпей, Геркуланум къалэхэр.

♦**1516 гъэм** Алеппэ (Сирие) ищхъэрэIуэкIэ тыркудзэхэм мысыр адыгэ мамлюкхэм я дзэхэр щызэтракъутащ, а IэщэмкIэ узэуэныр мызахуагъэу, уеблэмэ щIэпхъаджагъэу къалъытэри, топхэр къагъэсэбэпын ядатэкъыми.

♦**1830 гъэм** дунейм ехыжащ Къэбэрдей пщы уэлий хахуэ Жанхъуэт Кушыку.

♦**1853 гъэм** США-м и Нью-Йорк штатым хыхьэ Саратогэ-Спрингс къалэ цIыкIум и ресторанхэм ящыщ зым япэу щагъэжьащ ди зэманым икъукIэ цIэрыIуэ чипсхэр - пIащIабзэу зэтегъэжа кIэртIофым къыхэщIыкIахэр.

♦**1827 гъэм** индустриализацэм и япэ къэрал займхэр къыдагъэкIащ.

♦**1943 гъэм** Къардэн Къубатий Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащащ.

♦**1944 гъэм** советыдзэхэм Кишинёв къалэр хуит къащIыжащ.

♦**1990 гъэм** Таджик ССР-м и Совет Нэхъыщхьэм унафэ къищтащ и къэрал суверенитетым теухуауэ.

♦**1991 гъэм** Горбачёв Михаил КПСС-м и ЦК-м и Секретарь нэхъыщхьэ къулыкъум къызэрытекIыр хэIущIыIу ищIащ.

♦**1995 гъэм** Куржым и Конституцэр къащтащ.

♦**2008 гъэм** Пекин щызэхуащIыжащ XXIX Гъэмахуэ Олимп джэгухэр.

♦Адыгей усакIуэ, зэдзэкIакIуэ **КIумпIыл Къадырбэч** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 18 - 21-рэ щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ IущыгъэI:**

**Бэлэрыгъ и Iыхьэр хьэм фIешх.**

● Олимпиадэм къырикIуахэм теухуауэ

## Ди щIалэхэм дэрэжэгъуэ къыдат

***Мы махуэхэм зэхуащIыжа XXXI Гъэмахуэ Олимп джэгухэу Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIам ди къэралым и цIыху псори кIэлъыплъащ жыпIэмэ, ущыуэну къыщIэкIынкъым. Спортым епха цIыхухэм я мызакъуэу, ди щIалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ я зэфIэкI лъагэхэм щыгуфIыкIащ ди республикэм ис дэтхэнэри. Олимпиадэр къазэрыщыхъуамкIэ дэ къыддэгуэшащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху цIэрыIуэ зыбжанэ:***

**КЪУЭДЗОКЪУЭ Анатолий**, *спортым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ:*

Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа XXXI Олимп джэгухэм хэта ди бэнакIуэ Махуэ Билал зыкъызэригъэлъэгъуар икъукIэ си гум щIыхьащ. Сэ сызэреплъымкIэ, абы и къарур къыкIэлъыкIуэ зэIущIэхэм хуихъумэну хэтауэ аращ. АрщхьэкIэ, и хьэрхуэрэгъум къытрахыурэ кърата очкоитIым Билал игъэбэлэрыгъащ икIи кIэух секундхэм набдзэгубдзаплъагъэр зэрыфIэкIуэдар Украинэм и бэнакIуэм къигъэсэбэпри, бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. БэнэкIэм и хабзэм къызэригъэувымкIэ, бжыгъэр щызэхуэдэм и деж текIуэныгъэр зратыр иужьрей ебгъэрыкIуэныгъэм очко къыщызыхьаращ.

КъыкIэлъыкIуэу, къыхэзгъэщыну сыхуейщ адрей ди адыгэ щIалэхэм я ехъулIэныгъэхэр. ДзюдомкIэ дыщэ медалыр къэзыхьа Мудрэн Беслъэн Налшык къезыгъэблэгъэжахэм сахэтащ. АпхуэдизкIэ гушхуэныгъэм сыкъызэгуитхъырти, зызмыгъэнщIыжу абы IэплIэ хуэсщIырт.

Ди пщIэр лъагэу зыIэтахэм ящыщщ бэнакIуэ Джэду Iэниуар. Лъыр къыпыжу финал зэIущIэр абы иригъэкIуэкIащ. Япэ Iыхьэм 6:0-у япэ ища пэтми, къыкIэлъыкIуэм и уIэгъэр нэхъ хьэлъэ зэрыхъуам, абы тэмэму къызэремыIэзам и зэранкIэ Ираным и лIыкIуэм бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. Ди республикэм и Iэтащхьэм зэрыжиIащи, Джэду Iэниуар къихьа дыжьын медалыр дыщэ зыбжанэм нэхърэ нэхъ лъапIэщ. Си фIэщ мэхъу Iэниуар къигъэлъэгъуа зэфIэкI лъагэмрэ бэшэчагъымрэ къыдэкIуэтей ныбжьыщIэхэм щапхъэ зэрахуэхъунур. Спортым и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр дызэреплъымкIэ, Джэдум ди къэралым и спортым и зыужьыныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ дамыгъэ лъапIэ къыхуагъэфэщэн хуейщ. Ар нэгъэсауэ адыгэлI ирокъу.

**БАТЫР ФатIимэ**, *стIолыщхьэ теннисымкIэ республикэ СДЮСШ-м и унафэщIым и къуэдзэ, Европэм и чемпион:*

- Мы гъэм Рио-де-Жанейрэ щекIуэкIа Олимп джэгухэм дэрэжэгъуэ ин къызатащ. Ди къэралым и нэгъуэщI къалэхэм щызиIэ си ныбжьэгъухэр телефонкIэ къызэхъуэхъуащ Мудрэн Беслъэн и текIуэныгъэмрэ Джэду Iэниуар и дыжьын медалымрэ папщIэ. А щIалэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Урысейм и пщIэри дунейпсо утыкум лъагэу щаIэтащ. Дэ псори дызэреплъымкIэ, Джэдум хуэфащэр дыщэ медалырат, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуащи, судьяхэм Iэниуар ар IэщIахащ. Апхуэдэу щыт пэтми, ди щIалэм къиихьа текIуэныгъэр пашэ хъуахэм я ехъулIэныгъэм нэхърэ мынэхъ лъагэмэ, зыкIи нэхъыкIэкъым.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

## Гъавэр Iуахыж

**Псынэдахэм и мэкъумэшыщIэхэм бжьыхьэсэ гуэдзыр кIэрыхуншэу кърахьэлIэжащ.**

ГЕКТАР 500-м щIигъум мыбыхэм гъавэ хэплъыхьауэ тонн мини 2-м щIигъу къытрахащ, зы гектарым центнер 45-рэ хуэзэу.

Мыбыхэм къакIэрымыхуу япэ хэгъуэр и пIалъэм щызэфIахащ Дзэлыкъуэкъуажэми: гектар 350-м зы гектарым хуэзэу къытрахар центнер 45-м и кIэ кIуакъым. «Дзэлыкъуэкъуажэм и мэкъумэшыщIэхэм мы гъэм нэхъыбэу хасар «Самурай» гуэдз лIэужьыгъуэрщ. Ар сыткIи ди щIыпIэм и дуней щытыкIэм къозэгъ, жылапхъэуи, ерыскъыпхъэуи узыщыгугъ хъуну гуэдз лъэпкъыфIщ, - жаIэ бэджэндырылажьэхэм.

Прироченскэ жылагъуэми гуэдзу гектар 92-м нэблагъэ къахыжащ. Механизаторхэм я ужьым иту хьэуазэр зэкIуэцIапхэ, гуэдзыр къызытраха щIыр явэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

● Хъыбарегъащiэ

## Кином и жэщ

**КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм шыщхьэуIум и 27-м екIуэкIыну «Ночь кино» урысейпсо Iуэхум фыхэтыну фрегъэблагъэ.**

ЗЭГУРЫIУЭНЫГЪЭМ и утымрэ «Форум» кинотеатрымрэ а махуэм щагъэлъэгъуэну я мурадщ «Смешарики. Легенда о золотом драконе» (режиссёрыр Чернов Денисщ), «Легенда №17» (режиссёрыр Лебедев Дмитрийщ), «Батальонъ» (режиссёрыр Месхиев Дмитрийщ) фильмхэр.

ЩыщIидзэр сыхьэт 20-рщ.

УпщIэ зиIэхэр фыпсалъэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: **40-68-87**; **40-81-50**.

● ФокIадэм и 18-м УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэр хах

# «Хэку» урысейпсо политикэ партым къигъэлъэгъуа Жылэ Хьэсэн



**Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату «Хэку» урысейпсо политикэ партым къигъэлъэгъуа Жылэ Хьэсэн Руслан и къуэр Шэрэдж районым щыщ Жэмтхьэлэ къуажэм 1976 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м къыщалъхуащ. 1999 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академиер агроном-технолог IэщIагъэмкIэ, 2013 гъэм Къэрал къулыкъумкIэ УФ-м и Президентым и деж щыIэ академиер къэрал, муниципальнэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ менеджер IэщIагъэмкIэ къиухащ (иджыпсту а академием и аспирантщ, кадрхэр гъэхьэзырынымкIэ политикэр зэраубзыху щIыкIэм теухуа диссертацэ егъэхьэзыр).**

**Иужь дыдэу щылэжьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лIыкIуэу УФ-м и Президентым и деж зэпымыууэ щыIэм и IуэхущIапIэу Москва къалэм дэтым.**

УРЫСЕЙМ и экономикэ, жылагъуэ-политикэ гъащIэм зегъэхъуэжынымкIэ зэманыр къэсащ. А зэхъуэкIыныгъэхэр дэ зэфIэдгъэкIынщ ди къэралым и лъэпкъ, жылагъуэ, къэрал мурадхэр гъэзэщIэным и гъуэгум дытету. ИкIэщIыпIэкIэ зыхуэфащэ Iуэхухэр лэжьын хуейщ псэукIэр нэрылъагъуу щехуэха щIыпIэхэм тхьэмыщкIагъэр щыгъэкIуэдыным, сабийхэр, лIыжьфызыжьхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, къулейсызыгъэр нэхъ нэрылъагъуу зылъэIэса щIыналъэхэм хиубыдэ адрей цIыху гупхэр мардэ пыухыкIам тету пщIэншэу ерыскъыпхъэрэ махуэ къэс къагъэсэбэп адрей хьэпшыпхэмкIэ къызэгъэпэщыным хуэгъэзауэ.

«Хэку» партыр 2016 гъэм екIуэкI парламент хэхыныгъэм щIыхыхьар Урысей Федерацэм щыпсэухэм я нэхъыбапIэм я Iуэхур дэзыгъэкIын социально-политикэ зэхъуэкIыныгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ хабзэ мардэхэр зэтегъэувэным телэжьэн, а зэхъуэкIыныгъэхэр къызэригъэпэщын папщIэщ.

Къэлэдэсхэм я нэхъыбапIэм къаIэрыхьэ лэжьапщIэр тэмэму псэун папщIэ яхурикъуркъым. Ди гуащIэм пщIэ хуащIыжыркъым, ауэ абы щхьэкIэ къэмынэу лэжьапIэ зытхэм я нэхъыбапIэм ди лэжьыгъэм фейдэшхуэ къыпах. Дэтхэнэ продукцэми и уасэм щыщу лэжьапщIэм хуэзэр ди деж хуэди 4-кIэ щынэхъ мащIэщ, зызыужьа къэралхэм елъытауэ. Кризисым и дэтхэнэ лъэхъэнэщIэми Урысейм нэрылъагъуу нэхъ щызэIохьэ пщIэкIэ къащтэ лэжьакIуэхэм я Iуэхур. КъаIэрыхьэ хэхъуэр кIуэтэху нэхъ мащIэ зэрыхъум къыхэкIыу лэжьапIэ Iутхэм иужькIэ хуагъэувыну пенсэми кIэроху. Абы къыдэкIуэу нобэрей пенсионерхэм иратын папщIэ къулыкъущIэшхуэхэм ахъшэр сытым дежи яхуримыкъуу йокIуэкI.

И мурадхэр, къалэнхэр, адэкIэ зыщыгугъыпхъэхэр щиубзыхукIэ «Хэку» партыр зэи щыуэркъым. «Хэку» партыр нобэрей махуэм къыщежьэ ди къэкIуэнщ. Дэ псори, апхуэдэу дэ тщыщ дэтхэнэри - ар «Хэку» партырщ. «Хэку» партыр - ар Лъэпкъ фронтщ.

Хэхыныгъэхэм щытекIуэнурэ, «Хэку» партым нэрылъагъу ищIынущ езым къыхиха унэтIыныгъэр зэрыпэжыр.

**Жылэ Хьэсэн Iэ зэраIэт бюллетеным №1-м щIэту итщ, «Хэкум» папщIэ Iэ фIэт.**

Къэкlуэнум срителъхьэщ!
УФ-м и ЦИК Хэхыныгъэ-2016

● Пресс-конференцхэр

# ЦIыхум и дежкIэ шынагъуэкъым

**Африкэм и Ипщэ, и КъуэкIыпIэ лъэныкъуэхэм къыщежьауэ къалъытэ хуабэ узыр (нодуляр дерматит) Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм къызэрахьам, Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрылъэIэсам иужьрей зэманым псалъэмакъышхуэ иращIэкI. Аращ зытеухуауэ щытар республикэм ВетеринариемкIэ и управленэм и унафэщI – къэрал ветеринар инспектор нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Щыхьмырзэ Мухьэмэд иригъэкIуэкIа пресс-конференцыр.**

АБЫ и пэублэ псалъэм къызэрыхигъэщамкIэ, нодуляр дерматитыр IэщIагъэлIхэр щIагъуэу зыщымыгъуазэ, Iэщыр зыгъэсымаджэ узыфэ зэрыцIалэщ. СССР-м и лъэхъэнэми, иужькIи зыщIыпIэ щатхауэ, щытепсэлъыхьауэ, щрихьэлIауэ ящIэжыркъым. Иджы хэкъузауэ ядж, вирусым зэрыпэщIэтыну вакцинэр къагупсыс, ягъэунэху.

- 2014 гъэм Азербайджаным и щIыналъэ 12-м я Iэщым мы узыфэр къеуэлIауэ щытащ. Ар гъудэ-бадзэхэм, нэгъуэщI псэущхьэхэм Тыркумрэ Иранымрэ кърахауэ къалъытэ. КъыкIэлъыкIуэ илъэсым и мэкъуауэгъуэм хуабэ узыр Дагъыстэнымрэ Шэшэнымрэ я щIыпIэ щхьэхуэхэм щызэбгрыкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрми къэсауэ худогъэфащэ. ПсынщIэу мэIэпхъуэ, Iэщым и кIуэцI цIыналъэм, и чэм, и тхьэмщIыгъум, и нэхэм зрет, и фэр зэхуешэри мыбауэфмышхэф ещI. Мыбдежым былымыр нэхъыщхьэу зыукIар нодуляр дерматитыракъым, атIэ абы къигъэщI бактериальнэ инфекцэрщ. Iэщым нэхъ пасэу хущхъуэ йомыхьэлIэмэ, ар къызэтебгъэувыIэну гугъущ, - къигъэлъэгъуащ Щыхьмырзэ Мухьэмэд. - Мы узыфэм и хъыбар зэрызэхэтхыу, Налшык къалэм и Iэщ дохутыр нэхъыщхьэмрэ сэрэ Дагъыстэным дыкIуэри, я хозяйствэхэр къызэхэткIухьащ, я былымым зэреIэзэм дыкIэлъыплъащ. Къагъэсэбэп мастэм хуэдэу хэлъхьэгъуэ мин 50 къыздэтшэри, республикэм и гъунапкъэхэм щыIэ Май, Лэскэн, Тэрч районхэм я Iэщым гъатхэм етхьэлIащ. ИужькIэ апхуэдэ вакцинэу мин 800-м щIигъу къэралым къыдитри, ахэри къэдгъэсэбэпащ. Къыхэгъэщыпхъэщ шыщхьэуIум и 1-м ирихьэлIэу ятхауэ диIэ Iэщышхуэ псоми а хущхъуэхэр зэрыхэтлъхьар.

Республикэм и къэрал ветеринар инспектор нэхъыщхьэм зэрыжиIамкIэ, мы зэманым хъыбар зэхуэмыдэ куэд кърахьэкI. Къапщтэмэ, нэхъапэм зэи зэхамыха, иджыри къыздэсым ямыцIыхуа нодуляр дерматитым теухуа ветеринар хабзэ, инструкцэ, зэрыIэзэ методикэ, къыщахутэ лабораторэ зэрыщымыIэм цIыхухэр игъэпIейтейрт. Ауэ псалъэмакъ нэхъыбэ къэзыгъэщIыр ветеринар IэнатIэхэмрэ Iэщыхъуэхэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэрызэтемыхуэрт. Зэхуэдэ нэщэнэ зиIэ узыфэхэр мащIэкъым. УеIэзэн щхьэкIэ, ахэр зыхуэдэр лабораторэ IэмалкIэ пэжу къэхутэн хуейти, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыпIэ псоми щызэхуахьэса анализхэр Владимир къалэм ветеринар вирусологиемрэ микробиологиемкIэ дэт Урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым иратащ, абы къэрикIуар тхьэмахуэ зытIукIэ къаIэрыхьэжынущ.

- ЦIыхухэм зыри ящыдбзыщIыркъым, узыфэм зэIухауэ долэжь. Нодуляр дерматитым зэрыпэщIэт вакцинэр дыгъэгъазэм къытIэрыхьэнущ, абыкIэ дызэрыIэзэну пщалъэ лъабжьэр, чэнджэщхэмрэ инструкцэхэмрэ хьэзырщ, Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм мыгувэу ахэр къыщащтэнущ. Узыфэр къызыхэкIымрэ шынагъуэу пылъыр зыхуэдэмрэ нэгъэсауэ белджылы щыхъунум къэнэжа щыIэкъым. Япэ сищу къыхэзгъэщынщи, а узыфэм зэрыпэщIэтыпхъэм республикэм и ветеринар IуэхущIапIэр мыIейуэ щыгъуазэщ. И чэзум мастэхэр хэтлъхьэмэ, былым сымаджэ диIэнукъым. АбыкIэ дызыхуей нэгъуэщI хущхъуэхэри дгъэунэхуащ. Iэщ дохутырхэмрэ Iэщыхъуэхэмрэ семинар-зэIущIэ ядедгъэкIуэкIынущ, лэжьыпхъэхэр яхуэтIуэтэнущ, ямыщIэхэм хуедгъэджэнущ, вакцинэ лIэужьыгъуэщIэхэм я къэгъэсэбэпыкIэм хэдгъэгъуэзэнущ, - жиIащ къэпсэлъам. - Къуажэ администрацэхэмрэ республикэм Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм Iэщ гъэхъунымкIэ и къудамэмрэ псэущхьэхэр ятхын хуейщ. Сыту жыпIэмэ, дэ дызыкIэлъыплъри, дызэIэзэри ди учётым щыт былымырщ. Мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым Iэщу щаIыгъыр зыхуэдизыр нэгъэсауэ наIуэкъым. Былымым хуабэ уз къахыхьащ жыдоIэ. Дэнэ ар къыздикIар? Япэрауэ, Iэщыр нэгъуэщI щIыпIэхэм пуду къыщащэхури, зыхуэфащэ тхылъ ямыIэу республикэм къашэ. Пэжщ, полицэ постхэр зэпымыууэ мэлажьэ, ауэ абыхэм гъуэгу нэпцIкIэ къыпакIухь. Ахэр къэхутауэ, зэхуэщIын хуейщ. КъимыдэкIэ, зы жэми, шкIэи къэмынэу номер хэха хуэтпхъэщ. Ди IуэхущIапIэм и IэщIагъэлI 55-р ерыскъыхэкIхэм я щытыкIэм ткIийуэ кIэлъоплъ. Зыхуэфащэ тхылъ ямыIэу ахэр бэзэрхэм щрагъащэркъым. Хуабэ узымкIэ згъэзэжынщи, абы хэкъузауэ долэжь, илъэсым щыщу къэнэжа зэманми, етIанэгъи зэфIэдгъэкIынухэм я программэ диIэщ. Дызыхуеину хущхъуэхэр дяпэкIэ ирикъуу дгъуэтынущ. Мы вирусым и хъыбар къызэрыIуу, ар зищIысыр къэхутэным, зэрыпэщIэтыпхъэ Iэмалхэр гъэунэхуным пасэу иужь дызэрихьам ифI къыдэкIыжащ. КъищынэмыщIауэ, махуэ къэс къэралым и еджагъэшхуэхэм дочэнджэщ, былымым къеуэлIэнкIэ хъуну сыт хуэдэ узыфэхэри кууэ додж, дызыщыгъуазэхэр щIэмычэу къыдопщытэж. НобэкIэ нэхъыщхьэращи, хъыбар нэпцIхэм фемыдаIуэ, фыхэлъадэу фи Iэщхэр фымыукI. Иджыри зэ къыхызогъэщри, ди тыкуэнхэмрэ бэзэрхэмрэ щащэ лыхэкIхэр, гъэшхэкIхэр, нэгъуэщI ерыскъыхэкIхэр къабзэщ, псоми фIагъышхуэ яIэщ. Зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэр щIыгъуу, ди управленэр а Iуэхум ткIийуэ кIэлъоплъ, - къигъэлъэгъуащ Щыхьмырзэ Мухьэмэд.

Журналистхэм я упщIэхэм жэуап щаритым, гъэ кIуам и пэщIэдзэм къызэрагъэпэща я IэнатIэм и пщэрылъхэм къэрал ветеринар инспектор нэхъыщхьэр къытеувыIащ. Апхуэдэщ цIыхухэми псэущхьэхэми я зэхуэдэ узыфэхэм защыхъумэныр, IэщхэкI, мэкъумэшхэкI продукцэхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыныр, ветеринар кIэлъыплъыныгъэр егъэкIуэкIыныр, Iэщхэм къеуалIэ узхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм къремыгъэхьэныр. Къалэнхэр зэфIахын папщIэ ягъуэт дэIэпыкъуныгъэр зыхуэдэр игъэнэIуащ, а зэманым къриубыдэу яхузэфIэкIахэм тепсэлъыхьащ. Къапщтэмэ, «Ветеринар медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал кIэзонэ IуэхущIапIэм дезинфекцэмкIэ къудамэ къыщызэрагъэпэщащ, былымыр зэрыпсэууэ щащэ бэзэрхэм я лэжьыгъэм хабзэ халъхьащ, илъэс тIощIкIэ зэпыуауэ щыта Iуэхур къаублэжауэ, гъэмахуэ хъупIэхэм я ветеринар-санитар щытыкIэр къапщытэ, ветеринар тхылъхэр электрон IэмалкIэ гъэхьэзырын щIадзащ, республикэ бюджетым и хьэкъкIэ, электрон ветеринар сертификацэм и программэ-аппарат комплекс къащэхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и ветеринар диагностикэ лабораторэм Май къалэм хэщIапIэ къыщыхуагъэуэтащи, абы лэжьыгъэр куэдкIэ щIегъэпсынщIэ.

- Псэущхьэхэр хъумэнымкIэ Владимир къалэм щыIэ Урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым едгъэхьа анализхэм я тхылъхэр къызэрыкIуэжу, лэжьыгъэ псори зэщхьэщыхауэ икIи зэуIуу едгъэкIуэкIынущ. «Хуабэ узыр (нодуляр дерматитыр) цIыхум и дежкIэ шынагъуэ?» - жаIэу куэд щIоупщIэ. Жэуапыр зыщ: хьэуэ, шынагъуэкъым, ауэ Iэщым зэранышхуэ хуохъу. Абы къыхэкIыу, а узыфэм земыгъэубгъуным ди къару псори етхьэлIэнущ, - къыхигъэщащ Щыхьмырзэ Мухьэмэд, зэIущIэр щызэхуищIыжым.

**МЫСОСТ Алий.**

● Дзэлыкъуэ щIыналъэ

## Гъэр яхуэIеякъым

**«Псынэдахэ» ООО СХП-м бжьыхьэсэ хьэпцIий хъарзынэ кърихьэлIэжащ.**

ГЕКТАРИ 140-м трасат зэманыфIкIэ ди щIыналъэм щагъэунэхуа «Рубеж» лIэужьыгъуэр. Ар бэв хъуну къежьат, ауэ уэлбанэшхуэм гъавэхэкIым и зэхуэдитIыр ихьащ. Абыи емылъытауэ, къахуэна гектари 100-м щIигъур бэв хъуащ икIи зы гектарым хуэзэу центнер 45-м нэс къытрахащ.

Хьэцэпэцэр щыIуахыжым техникэхэмкIэ къадэIэпыкъуащ я гъунэгъу мэкъумэшыщIэхэр. «Дуней къэхъукъащIэхэм хэщIыныгъэ къыдата пэтми, ди Iэщым яхурикъун Iусыпхъэ диIэщ», - жеIэ механизатор пажэ Маргъущ Нажмудин.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Марьяш Иринэ Къэрэгъэш къуажэм и егъэджакIуэхэм яхуозэ

**Гъэ еджэгъуэщIэм и пэ къиихуэу «Урысей зэкъуэт» партым и жэрдэмкIэ республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэщ егъэджакIуэхэм щахуэзэ зэIущIэхэр. Иужь дыдэу апхуэдэ зэIущIэ щекIуэкIащ Прохладнэ районым щыщ Къэрэгъэш къуажэм. А жылэм дэт курыт школ №2-м и лэжьакIуэхэм яхуэзащ КъБР-м и Къэзыпщытэкъэзыбж палатэм и унафэщI, «Урысей зэкъуэт» партым къыбгъэдэкIыу УФ-м и Къэрал Думэм и ебланэ хэхыгъуэм и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуа Марьяш Иринэ.**



ЗЭIУЩIЭМ и пэщIэдзэм абы къыхигъэщхьэхукIащ илъэс куэд лъандэрэ мы IэнатIэм щылажьэ икIи Iуэхум и щытыкIэм фIыуэ щыгъуазэ IэщIагъэлIхэм ечэнджэщыну езыр зи лIыкIуэ партым мурад зэрищIар. Ар тепсэлъыхьащ «Урысей зэкъуэтым» егъэджэныгъэм и IэнатIэм ехьэлIауэ къыхилъхьа парт проектхэр ди республикэм, зэрыщыту къэралым зэрыщагъэзащIэм.

«Иужьрей илъэситхум къриубыдэу егъэджэныгъэм и IэнатIэм зегъэужьыным хуэгъэза жэрдэм куэд «Урысей зэкъуэт» партым къиIэтащ, къэбгъэлъагъуэмэ, федеральнэ законхэм ящыщу 162-м зэхъуэкIыныгъэхэр абы и фIыщIэкIэ халъхьащ. Дэнэ щIыпIи школхэр, сабий садхэр щащI, лажьэу щыIэхэр щызэрагъэпэщыж. А псоми я фIыщIэкIэ сабий садхэм я лэжьыгъэри курыт школхэм я Iуэхухэри ефIэкIуащ. Апхуэдэ мурадхэм бюджет ахъшэу сом мелард 50 хухахащ икIи дызыхуэкIуэ гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу аргуэру школыщIэу 92-рэ къызэIуахынущ», - жиIащ Марьяш Иринэ.

Абы апхуэдэу къигъэлъэгъуащ егъэджакIуэхэм ику иту къаIэрыхьэ лэжьапщIэр ди щIыналъэм и экономикэм пыщIахэм ику иту къаIэрыхьэм зэрылъэщIагъэхьар. Абы щхьэкIэ къэмынэу «Урысей зэкъуэт» партыр дяпэкIи ткIийуэ кIэлъыплъынущ УФ-м и Президентым и накъыгъэ указхэр зэрагъэзащIэм, къапщтэмэ, егъэджакIуэхэм я лэжьапщIэм зэрыхагъахъуэм.

Докладым и кIэухым Марьяш Иринэ тепсэлъыхьащ «Школ автобус» парт проектым. Абы ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуажэ школхэм автобус мыину 23-рэ къаIэрыхьэнущ. Федеральнэ бюджетым апхуэдэу къыщалъытащ школхэм щыIэ спорт залхэр зэгъэпэщыжыным текIуэдэну ахъшэр.

ЗэIущIэм кърихьэлIа егъэджакIуэхэр щIэупщIащ Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр адэкIэ зэрекIуэкIынум, еджакIуэ куэд зыдэмыс къуажэхэм я школхэр финансхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщым, зи узыншагъэр зэкIэлъымыкIуэ цIыхухэр зэрырагъаджэм пыщIа Iуэхухэм, апхуэдэу пщIэкIэ Iуэхутхьэбзэ пыухыкIахэр зэфIэгъэкIынымкIэ школхэм хуитыныгъэ езыт хабзэ мардэхэр къэщтэнымкIэ адэкIэ узыщыгугъ хъунухэм.

А псоми Марьяш Иринэ зэпкърыхауэ жэуапхэр яритащ икIи зыхуэфащэ лэжьакIуэ гуп езыри хэту къызэрагъэпэщу нэхъ Iуэхушхуэхэрзэпкърахынукъыхилъхьащ. Апхуэдэу абы жиIащ къыкIэлъыкIуэ тхьэмахуэм фIэмыкIыу Прохладнэ районым и унафэщIхэм, КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министрым яхуэзэну зэримурадыр икIи мы зэIущIэм къыщаIэтахэм ахэр Iэмал имыIэу щыгъуазэ зэрищIынур.

**ПЕЧОНОВ Владилен.**

● Ди мэзхэр

## ЩIыуэпсымрэ хуабэмрэ

**Хьэуам и хуабагъыр градус 37 - 38-м щынэса мы махуэ зэкIэлъыкIуэхэм КъБР-м Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ щIыуэпсымкIэ и министерствэм и лэжьакIуэхэм мэз лъапэхэр къызэхакIухь, мафIэс къыщыхъункIэ шынагъэ здэщыIэ щIыпIэхэм щоплъыр, ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкIуэж.**

КЪАПЩТЭМЭ, мэз лъапэхэм екIуалIэ гъуэгуу километр 24-рэ яухуащ, мафIэс къэхъумэ, щIыпIэм тыншу уекIуэлIэн папщIэ. Апхуэдэу мэзыр щыIув щIыпIэхэм я хъуреягъыр къатIыхьащ, мафIэ бзийм зимыубгъун хуэдэу. Мыпхуэдэ лэжьыгъэр километр 45-м щызэфIагъэкIащ. Апхуэдэу гектари 9-м нэблагъэ ягъэкъэбзащ: мафIэр тыншу зыщIэнэнкIэ хъуну жыг хэгъукIахэр пахыурэ хашащ. Абыхэм я пIэм бжьыхьэ-гъатхэ пIалъэм къриубыдэу жыгыщIэхэр хасэнущ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

# Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр

**Иджыблагъэ Москва щекIуэкIащ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и XI зи мычэзу съезд. Зэхуэсым кърихьэлIат ди къэралым и щIыпIэ куэдым къикIауэ журналист IэнатIэм пэрыт цIыху 266-рэ. Налшык икIауэ съездым и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Мэзыхьэ Борис, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Щоджэн Iэминат, «Заман» газетым и лэжьакIуэ Кульчаевэ Зульфия сымэ.**

СЪЕЗДЫМ и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщт Журналистхэм я союзым къыщызэгъэпэщыпхъэ зэхъуэкIыныгъэхэм хэплъэну. Абы ипкъ иткIэ Союзым и секретариатыр яхъуэжыпхъэу къыхалъхьати, абы теухуауэ делегатхэм Iэ яIэту унафэм и проектыр яубзыхун хуейт. Апхуэдэу къызэхуэсахэм хэплъэну къапэщылът IэмалыщIэхэр къыщагъэсэбэп лэжьэкIэщIэ зэтеублэным, зэгухьэныгъэм щIалэгъуалэ нэхъыбэ къыхэшэным, финанс и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыIутым.

Ди зэманым УФ-м Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэтщ цIыху мини 100-м нэс. Абы хохьэ щIыналъэ къэскIэ къыщызэрагъэпэща зэгухьэныгъэ 40-м щIигъу. 1992 гъэ лъандэрэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэщ Богданов Всеволод. Союзым и къалэнхэм ящыщщ экономикэ, IэщIагъэ, творческэ и лъэныкъуэкIэ журналистхэм я хуитыныгъэхэр хъумэныр, а IэщIагъэм ирилажьэхэм я щIэныгъэм хэгъэхъуэныр, я пщIэр къэIэтыныр, пенсэ ныбжьым нэсахэм мылъкукIэ ядэIэпыкъуныр.

Богдановым къызэрыхигъэщамкIэ, зэхуэсым зыщытепсэлъыхьа Iуэхугъуэхэр яхуэгъэзащIэмэ, абы кърикIуэнущ зэгухьэныгъэм и пщIэр нэхъри къэIэта хъуныр.

- ГупсысэкIэщIэрэ лэжьэкIэщIэрэ зиIэ журналистхэм зэгухьэныгъэм къаруущIэ къыхалъхьэну, властымрэ прессэмрэ зэхущытыкIэщIэ иратыну дащогугъ. Секретариатым хэдгъэхьэну къэдгъэлъэгъуахэм щIэныгъэфI ябгъэдэлъщ, лэжьыгъэм фIыуэ хащIыкI, ди къэралым журналист IэщIагъэм нэхъри зыщегъэужьынымкIэ абыхэм ялъэкI къамыгъэнэну си гугъэщ, - жиIащ Богдановым.

Къэрал Думэм Информацэ политикэмкIэ, информацэ технологиехэмрэ связымкIэ и комитетым и унафэщI Левин Леонид зэхуэсым къыщыщыпсалъэм Богдановым и гупсысэхэр диIыгъащ икIи къыхигъэщащ я зэгухьэныгъэр къызэтенэн папщIэ абы и лэжьэкIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр хэлъхьэн зэрыхуейр, журналистым и щыхьэт тхылъым сыт хуэдэ бжэхэри «къызэIуихыфу» пщIэ игъуэтыжын хуэдэу, икIи иджырей зи мычэзу съездыр абыкIэ сэбэп зэрыхъунур.

Зэхуэсым къыщыпсэлъахэм ящыщщ зэгухьэныгъэм и секретариатым хэт Токарский Денис. Абы и гугъу ищIащ мылъку и лъэныкъуэкIэ я Iуэху зыIутым.

- Журналист IэщIагъэм епхауэ щыIэхэм я нэхъ ин дыдэщ ди зэгухьэныгъэр. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэуи лъэщкъым. Интернет-, телевиденэ-, радиожурналист зэгухьэныгъэу ди къэралым къыщыунэхур куэд мэхъу. Ауэ абыхэм ягъэзащIэркъым дэ ди къалэнхэм хуэдэхэр, - жиIащ абы.

Токарскэм фIэигъуэщ журналистхэм щIэгъэкъуэн яхуэхъуну центр къызэгъэпэщыныр, икIи абы и къалэн нэхъыщхьэу щытынур проект щхьэпэхэр мылъкукIэ ядэIыгъынырщ.

Апхуэдэу зэхуэсым къыщыпсэлъащ, къызэхуэсахэм и Iуэху еплъыкIэхэмкIэ ядэгуэшащ «Россия-24» каналым и журналист пашэ Примаков Евгений. Абы къызэрилъытэмкIэ, УФ-м и Журналист зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэр дунейпсо Iуэхухэм щытепсэлъыхь зэхуэсхэм хэлэжьыхьыпхъэщ. Апхуэдэу абы фIэигъуэщ зауэхэр, зэныкъуэкъуныгъэхэр щекIуэкI щIыпIэхэм ягъакIуэ журналистхэм папщIэ зэрызахъумэжыну Iэмалхэм щыхуагъасэ курсхэр къызэгъэпэщыныр.

Зэхуэсым и етIуанэ Iыхьэм зэгухьэныгъэм и секретариатым IэIэткIэ хагъэхьащ интернет газетхэм я унафэщIу, телевиденэм и лэжьакIуэхэу цIыху 11. Съездым къекIуэлIахэм я пащхьэ кърагъэлъхьащ Журналистхэм я союзыр къыкIэлъыкIуэ илъэсхэм зэрылэжьэну программэм и проектыр, зэгухьэныгъэм и щIалэгъуалэ гупым зэтраублэну Iуэхугъуэхэр къыщыгъэлъэгъуа программэр.

Зэхуэсым кърихьэлIахэм Iуэху еплъыкIэ зэхуэмыдэхэр яIэт съездым и мыхьэнэм теухуауэ. Шэч хэмылъу, журналистым и пщIэр жылагъуэм нэхъ лъагэ щыхъужыну, союзым къаруущIэ игъуэтыну щогугъ дэтхэнэри. Мы IэщIагъэм ирилажьэхэм яфI къызэрыкIын IуэхугъуэщIэхэр журналистхэм я зэгухьэныгъэ нэхъ ин дыдэм дяпэкIэ зэрырихьэжьэнумкIэ нэхъыбэм фIэщхъуныгъэ яIэу зэбгрыкIыжащ.

**КЪЭРЭНАШЭ Мадинэ.**

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр



**Кавказ-бгырыс эскадрон ныкъуэм щыщ адыгэ зауэлI** *(япэ итщ). 1860 гъэ*

# УФ-м и цIыхубэ егъэджакIуэ



**Урысей Федерацэм и цIыхубэ егъэджакIуэ, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ щIыхь зиIэ я егъэджакIуэ, тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор Мэлбахъуэ Борис Къасболэт и къуэр ящыщщ ди щIыналъэр зэрыгушхуэ, зэрыпагэ IэщIагъэлIхэм. Илъэс 50-м нэблэгъауэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм пэрыт, абы щыщу илъэс 30-м нэсауэ школ унафэщI къулыкъур къызыхуэтыншэу езыхьэкI Мэлбахъуэм и зэфIэкI куэд ирихьэлIащ ди республикэм абы зыщиужьыным. Ар ящыщщ къытщIэхъуэ щIэблэм я ехъулIэныгъэр насыпу къэзылъытэ егъэджакIуэ щыпкъэхэм.**

МЭЛБАХЪУЭР 1946 гъэм щIышылэм и 21-м Тэрч къалэм къыщалъхуащ. И сабиигъуэр зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэхэм хиубыдами, Борис къэхъуащ еджэным дихьэхыу, щIэныгъэ зэгъэгъуэтыным хуэпабгъэу къэтэджащ. Курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ къиуха нэужь, щIалэщIэр лъэпощхьэпоуншэу щIэтIысхьащ КъБКъУ-м и тхыдэ факультетым. «Тхыдэдж» IэщIагъэр иIэу университетым 1968 гъэм еджэныр щызэфIихащ Мэлбахъуэм.

Абы лъандэрэ блэкIа илъэс 48-м ар зэи хущIегъуэжакъым къыхиха IэщIагъэм. Тхыдэр щIэблэм ягъэджу лэжьэн щэзыдза IэщIагъэлI ныбжьыщIэр щIэх дыдэу хэзэгъащ IэнатIэм. Дзыхь къыхуащI дэтхэнэ IэнатIэри егъэфIэкIуэныр, лэжьэкIэм и мардэщIэхэм кууэ щыгъуазэ зыхуэщIыныр икIи ахэр Iуэхум шэщIауэ хэпщэныр зи гъуазэ Мэлбахъуэр къалащхьэм дэт лицей №2-м и унафэщIу зэрыщыт зэманым къриубыдэу еджапIэм ехъулIэныгъэ лъагэхэр зыIэригъэхьащ. Къапщтэмэ, 1995 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэси 10-м щIигъукIэ ар яхэтащ «Илъэсым и школ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм щытекIуахэм. 2001 гъэм лицейм фIащащ «ЛIэщIыгъуэм и школ» цIэ лъапIэр. 1995 - 1998 гъэхэм IуэхущIапIэр хэтащ Егъэджэныгъэмкlэ Соровскэ дунейпсо программэм къызэригъэпэща зэпеуэхэм икIи абыхэм я лауреат хъуащ. ЕджапIэм щылажьэ IэщIагъэлI гупыр, я пашэри я гъусэу, 1996 гъэм къалъытащ «ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ» унэтIыныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъыфI IуэхущIапIэу икIи «Алъпыш лъатэ» саугъэтыр къратащ. Нэгъабэ екIуэкIа апхуэдэ къэралпсо зэпеуэмкIи еджапIэр яхэхуащ УФ-м щынэхъыфI дыдэу къалъыта лицейхэм. ИнтернетымкIэ екIуэкIа Iэ Iэтым ипкъ иткIэ, лицей №2-м фIащащ «Урысейм и цIыхубэ школ» цIэ лъапIэр.

Апхуэдиз ехъулIэныгъэфIхэм, шэч хэмылъу, лэжьыгъэшхуи я щIыбагъ къыдэлъщ. Ар зэфIах школым щылажьэ егъэджакIуэхэм, абыхэм я пашэм. Гупым яхэтщ ябгъэдэлъ щIэныгъэ куумрэ ягъэлъагъуэ зэфIэкI лъагэхэмкIэ республикэ, къэрал гулъытэ лъапIэ зыгъуэтахэу УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я егъэджакIуэхэр, егъэджэныгъэм и отличникхэр, щIэныгъэхэм я докторхэр, кандидатхэр, зи Iуэху зехьэкIэ пэрытымкIэ квалификацэ лъагэ зыхуагъэфэща IэщIагъэлI лъэщхэр. Лъэныкъуэ куэдкIэ щапхъэу ягъэлъагъуэ егъэджакIуэхэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэр къипщытащ ЕгъэджэныгъэмкIэ Урысей Академием и институтым икIи «Урысей Федерацэм и инновацэ школхэр: зэфIэувэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ» тхылъым щхьэхуэу къыщигъэлъэгъуащ.

Лицейм и унафэщI щыпкъэ Мэлбахъуэ Борис СССР-м, УФ-м егъэджэныгъэмкIэ я отличникщ, абы мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ, УФ-м, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ я министерствэхэм, егъэджэныгъэмкIэ щIыпIэ IэнатIэм къабгъэдэкI щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр. УнафэщI щыпкъэм зыбжанэрэ къыфIащащ «Илъэсым и директор» цIэр. Апхуэдэу абы къратащ «ЛIэщIыгъуэм и директор» дамыгъэ лъапIэри.

Мэлбахъуэм зэфIих лэжьэкIэфIым и мардэхэми дуней псом щызэлъащIысащ. IэщIагъэлI нэсым и гъащIэмрэ и Iуэху зехьэкIэ пэрытымрэ ятеухуа тхыгъэ ихуащ Америкэ биографие институтым къыдигъэкI «УнафэщI щэджащэхэр» тхылъым.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**




# Сытхэр уи псэукIэ, Мысостей?

***Нэхъыжьыlуэхэм фIыуэ ящIэж илъэс 25-рэ и пэкIэ ди республикэм и жылагъуэхэм зэпIэзэрыту зауэжьу зэрыщытар. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ я нэхъыбэр лъэ быдэкIэ щытт, «уей-уей» жезыгъэIэхэр мащIэтэкъым. Ауэ, ди псэукIэ-зэхэтыкIэм зедгъэхъуэжынущ жаIэу къэралыр щакъутэжам, а псор зэуэ зэтещэхат. Абы къыздихьа гугъуехьхэр, адрейхэми хуэдэу, Аруан (Мысостей) къуажэми къыжьэхэуат. ГъащIэм и лъэныкъуэ псори зэIызыщIа «зэхъуэкIыныгъэм» цIыхухэр хьэжэпхъажэ ищIат, кърахьэжьа Iуэху зехьэкIэ мыхъумыщIэм икIи мыгурыIуэгъуэм инми цIыкIуми я гур ириудат. А лъэхъэнэм бэм я нэгу щIэкIар пщIыхьэпIэ шынагъуэм хуэдэт. Ди гуапэ зэрыхъунщи, иджы хуэм-хуэмурэ псэукIэр зэтоувэж, лъэпощхьэпохэр лъэныкъуэ ирагъэз, зыужьыныгъэм и къуэпсхэр зэроубыдыж.***

***Къуажэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьыным теухуа программэр къызэрыхалъхьэ лъандэрэ ди республикэм и жылагъуэхэм теплъэщIэ ягъуэт. Псэуалъэхэр, гъуэгухэр яухуэ, ирагъэфIакIуэ, IэнатIэщIэхэр къызэIуах, Iуэхутхьэбзэ лIэужьыгъуэхэмрэ абыхэм я фIагъымрэ хагъахъуэ.***

***Мыхьэнэшхуэ зиIэ а къэрал Iуэхум зэрыхэтым, цIыхухэр зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIхэм тедгъэпсэлъыхьыну дэ зыхуэдгъэзащ Аруан къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Беждыгъу Аскэр.***



**- Аскэр, жылагъуэ щыхъукIэ, махуэ къэс унафэ къызыхуэгъуэтыпхъэ Iуэху куэд къыкъуокI. Абыхэм дауэ фехъулIэрэ?**

- Мысостейм и блэкIам дриплъэжмэ, псом япэу дигу къэкIыр, зи гугъу тщIыр жылэм дэлъа лэжьыгъэшхуэмрэ ар зи IэрыкI цIыху гуащIафIэхэмрэщ. Дерс тхуэхъун куэд къытхуагъэнащи, ахэр ди гъуазэу нобэрей зэманым дызэрыдекIуэкIыным дыхущIокъу. Пэжщ, зэхъуэкIыныгъэм къытхуихьауэ щыта гугъуехьхэр иджыри зыхыдощIэ, ауэ ди пIэм дит хъунукъым - дызэгурыIуэу, дызэрыщIэу дылэжьэн, дыпсэун хуейщ. Мысостейдэсхэр зыхуэпабгъэри аращ. Лъэпощхьэпохэм апхуэдэу дыщышынэжыркъым, нэхъыщхьэращи, цIыхухэр Iуэхум тогушхуэ, я щхьэр, я унагъуэр зэрагъэпсэужыным яужь итщ.

Ди жылэм унагъуэ 1426-рэ дэсщ, цIыху 5375-рэ щопсэу. Балъкъэри, урыси, тыркуи къытхэсщ. Лъэпкъ зэхэгъэж жыхуаIэр тщIэркъым, пщIэ, нэмыс, зэгурыIуэныгъэ дяку дэлъу апхуэдэщ. Жылэ къэс, дауи, езым и зэхэтыкIэ-псэукIэ иIэжщ. Мысостейдэсхэр лэжьакIуэшхуэщ жысIэкIэ, езгъэлейркъым - я гуащIэ хьэлэлым къыпэкIуэмкIэ мэпсэуж, апхуэдэу ди бзэри лъэпкъ хабзэри хъумэным йогугъу. Абы и щапхъэ наIуэхэр ди мащIэкъым. НобэкIэ нэхъыщхьэр цIыхухэр лэжьыгъэкIэ къызэгъэпэщынращи, хэкIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыдогъэсэбэп. Налшык тпэгъунэгъущи, куэдым абы IэнатIэ щагъуэт. Ди районым цIыхухэм лэжьапIэ къахуэзылъыхъуэ и центрым жыджэру дыдолажьэ, апхуэдэу хьэрычэт Iуэхум хэсыхьа, IэнатIэ зиIэ, хъарзынэу зызыужь щIалэхэм зыкъытщIагъакъуэ.

**- Колхозхэмрэ совхозхэмрэ зэрагъэкIуэдыжрэ куэд щIащ. Абы лъандэрэ щIы Iуэхур зэIубз хъуакъым, ноби ныжэби псалъэмакъышхуэ ирагъэкI. Дауэ щымытми, ар зехьэн, къэгъэсэбэпын хуейщ. А къалэным дауэ фехъулIэрэ, Аскэр?**

- Абы мыIейуэ дыполъэщ. Гъавэ щIапIэу гектар 1800-м щIигъу диIэщи, акционер обществэхэмрэ бэджэндырылажьэхэмрэ яIыгъщ, гуэдз, нартыху ящIэ, жыг хадэхэр, хадэхэкIхэр щызэрахьэ. Бэджэндырылажьэхэр 150-м ноблагъэри, техникэкIэ зэдэIэпыкъуурэ, зэуIуу Iуэхур дагъэкI. Iэщ гъэхъуным зезытахэри мащIэкъым. Мы зэманым еужьэрэкIыу мэкъумылэр ягъэхьэзыр, псэуалъэхэр зыхуей хуагъазэ.

**- ХьэрычэтыщIэ IэнатIэ цIыкIуэхэм фи деж дауэ зыщауужьрэ?**

- Къуажэдэсхэр а Iуэхум пасэу хыхьащ. ШхапIэхэмрэ тыкуэнхэмрэ куэду къызэIуахащ, IуэхутхьэбзащIэхэр щыIэщ. Зи IэнатIэ зиIэжхэм цIыхухэм лэжьыгъэ ират, уней хьэрычэтыщIэхэми я зэфIэкIым хохъуэ. Уней хозяйствэ зиIэхэри бэлэрыгъыркъым. Арами, цIыхухэм я псэукIэр жылэм и зэIузэпэщыныгъэм зэрелъытар зыщыдгъэгъупщэркъым. Дэ диIэщ курыт школ, сабий гъэсапIэ, Щэнхабзэм и унэ екIу, ГъуазджэхэмкIэ сабий еджапIэ, библиотекэ, пощт, музей, амбулаторэ, нэгъуэщI псэуалъэхэри. Си япэ итахэм социальнэ IуэхущIапIэхэм гулъытэшхуэ хуащIырт. Ахэр хэлIыфIыхьри, район администрацэр я щIэгъэкъуэну, сабии 120-м щIигъу зэкIуалIэ гъэсапIэм и унащхьэр илъэситху и пэкIэ зэрахъуэкIащ, спонсорхэр къагъуэтри, курыт еджапIэм зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэ щызэфIагъэкIащ. Школым зэIущIэхэр щрагъэкIуэкI и пэшымрэ спорт залымрэ я щхьэгъубжэхэр, езы еджапIэм и щхьэр яхъуэжащ. Амбулаторэри бюджетым щымыщ мылъкукIэ зэрагъэпэщыжащ, пощтым и кIуэцIи и щIыби зэрахьащ. Дэри тхузэфIэкIыр длэжьынущ, социальнэ IуэхущIапIэхэр зехьэным, егъэфIэкIуэным пыщIа лэжьыгъэр къэдгъэтIэсхъэнукъым.

**- ПсэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр дауэ къыфхуэзэгъэпэщрэ?**

- А лэжьыгъэр ди жылэм мыIейуэ щызэтеублащ. Псыр, газыр, уэздыгъэр цIыхухэм тэмэму яIэрыхьэн зэрыхуейр зыщыдгъэгъупщэркъым. Абы кIэлъыплъхэр диIэщ. 1967 - 1968 гъэхэм дальхьауэ щыта бжьамийхэр зэхъуэкIыным теухуауэ илъэситху и пэкIэ лэжьыгъэшхуэ къуажэм щрагъэкIуэкIащ. Псалъэм папщIэ, жьы хъуахэр километр 18-м нэблагъэм щахъуэжащ. Псы къыщIэшыпIитIыр жылэм къемэщIэкIырти, аргуэру апхуэдиз ягъэуващ. ПлIыри зэщIыгъуу зэрыдгъэлажьэм хуэдэу, гъэмахуэм хьэблэ псоми псыр ирикъуу щытхуемыт къохъу. Ар къэтлъытэри, етхуанэ къыщIэшыпIэм и проект-сметэ тхылъхэр дгъэхьэзыращ, иджы республикэ программэм щыхагъэхьэнум дыпоплъэ.

**- Фи гъуэгухэм я щытыкIэм арэзы фыкъищIрэ, абыхэм сыт хуэдэ гулъытэ ягъуэтрэ?**

- Ди къуажэм федеральнэ гъуэгуитI кIуэцIрокIри, ахэр зэпэщщ, адрейхэм дызэрыхуэхъукIэ дакIэлъоплъ. Калининым и цIэр зезыхьэ уэрамым, Колхознэм, къуажэкIэм щыIэ кхъэм екIуалIэ гъуэгум нэхъ пасэу асфальт тетлъхьащ, бгыщхьэм щыIэ къуажапщэ кхъэм и дэкIыпIэр зэдгъэпэщыжащ. КIэфо зэшхэм я цIэр зезыхьэ уэрамым тет светофорым и лъабжьэкIэ щыIэ уэрамым метр 660-рэ и кIыхьагъщ, цIыху куэд щопсэу. КъищынэмыщIауэ, дэрбзэр, фэеплъхэр щагъэхьэзыр цеххэр, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэр щолажьэ. А уэрамым зэи асфальт еIусатэкъым, гъуэгур къиудат, кумблъэмбт. Иджы, мы махуэхэм, и лъабжьэр егугъуу ягъэбыдэри, асфальт-бетон зэхэлъ тралъхьащ. И фIагъкIэ Аруан - Уштулу автомобиль гъуэгум къыкIэрыхуркъым. А Iуэхум район бюджетым щыщу сом мелуанрэ мин 200-рэ хухахащ, апхуэдэу спонсорхэм я мылъку халъхьащ.

**- НыбжьыщIэхэр, щIалэгъуалэр спортым хэшэным, дегъэхьэхыным хуэунэтIауэ администрацэм сытхэр зэфIигъэкIрэ?**

- Ар ди пщэрылъ нэхъыщхьэхэм ящыщу къыдолъытэ. Курыт еджапIэмрэ ЩэнхабзэмкIэ унэмрэ я IуэхущIафэхэм дакIэлъоплъ, зэрызащIэдгъэкъуэным дыпылъщ. Ди деж хъарзынэу зыщауужьащ футболым, бэнэкIэ хуитым, баскетболым, волейболым, атлетикэ псынщIэм, дзэ-спорт джэгукIэхэм, нэгъуэщIхэми. ДыщIэгушхуэн щIалэхэр диIэми, псори дунейпсо утыкум итшэну, зэдыщIэкIыу чемпион тщIыну дыхущIэкъуркъым. Нэхъыщхьэр уэрамым къыдэшынырщ, фадэмрэ наркотикымрэ ящыхъумэнырщ. ТренерыфIхэр, зыгъэсапIэхэр диIэщи, ныбжьыщIэ куэд зэрекIуалIэм дыщогуфIыкI, мыдэкIэ, зэрыжысIауэ, Налшык къалэр тпэгъунэгъущи, абы и клубхэм макIуэ.

ЩэнхабзэкIэ унэми лэжьыгъэ хъарзынэ щокIуэкI. Кружоккхэмрэ ансамблхэмрэ ныбжь зэхуэмыдэм итхэм зыщагъасэ, художественнэ самодеятельностым щIэх-щIэхыурэ зыкъегъэлъагъуэ, гуфIэгъуэ махуэшхуэхэм, къуажэм къыщыхэтлъхьэ Iуэху гукъинэжхэм жыджэру хэтщ. Зы псалъэу жытIэнщи, республикэм и адрей жылагъуэхэм емыфIэкIмэ, къакIэрыхуркъым.

**- Къабзагъэр къызэгъэпэщыныр гъэтIылъыпIэ зимыIэ къалэнышхуэщ, Аскэр. А Iуэхум дауэ фехъулIэрэ?**

- ЩIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным дыхуэбэлэрыгъыркъым. ПхъэнкIий идзыпIэ IэрыщIхэр къэдгъэхъуркъым, куэншыбыр зыхуэзэм деж щизыкIутхэм тхIийуэ дахущытщ. Администрацэм щыщхэми, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советым и депутатхэми, къалэн пыухыкIахэр диIэу, а Iуэхур къызыдогъэпэщ. Къуажэдэсхэр ди щIэгъэкъуэну, илъэсым къриубыдэу жыгхэм зыбжанэрэ сэху тыдокIэ, гъуэгубгъухэр, псыхъуэхэр зыхуей худогъазэ. Ауэ Налшык и пхъэнкIий идзыпIэр ди щIыпIэм зэрыщыIэм и зэран къыдокI. Куэншыбдэшхэм пхъэнкIийр щIахъумэркъым, къуажэм щыблашкIэ жьым кърехри, гъуэгубгъухэм щызэтрехьэ, зэлъыIутхар яуфIеиж. Къуажэ уэрамхэм кIэлъыплъ IуэхущIапIэ щхьэхуэ диIэщ. ТехникэкIи цIыхукIи зэхурокъури, зэрыдгъэувам тету, къабзагъэр къызэрегъэпэщ.

**- Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэралыгъуэр илъэс 95-рэ зэрырикъур фокIадэм и 1-м ди республикэм Iэтауэ щагъэлъэпIэнущ. А махуэм дауэ фрихьэлIэу къэплъытэрэ?**

- Ди Хэку цIыкIум и адрей жылагъуэхэми хуэдэу, мысостейдэсхэри а гуфIэгъуэм зэкъуэту, мурадыфIхэр ди плъапIэу дыхуокIуэ. Илъэсыр мыIейуэ идохьэкI, тщIэнрэ тшхынрэ дгъуэту, къэралымрэ республикэмрэ я пащхьэм щыдиIэ къалэнхэр тщIэжу лэжьыгъэр доунэтI. Илъэс къэс а махуэм дыгушхуэу дызэхохьэри, ди республикэм хужаIэну хъуэхъухэр псоми Тхьэм къытлъигъэс.

Мыри къыхэзгъэщынут. Мысостей жылэр зэрыс щIыпIэм зэрытIысрэ етIанэгъэ илъэс щищ ирокъу. А Iуэху дахэм хуэфащэу зыхуэгъэхьэзырыныр жэуаплъыныгъэшхуэ зыпылъ къалэнщи, абы хэкъузауэ делэжьынущ.

*Епсэлъар* **ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.**

● ЖКХ

# Етхьэкъуну хуитщ

**Капремонтым техьэ пеням хуэдитIкIэ хэгъэхъуэным теухуауэ УФ-м и щIыналъэ зыбжанэм я Хабзэубзыху зэхуэсхэм я депутатхэм Къэрал Думэм къыщыхалъхьа жэрдэмыр Урысейм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм диIыгъащ.**

КАПРЕМОНТЫМ и фондым халъхьэ взносыр псэупIэ-коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэм я уасэхэм хабзэкIэ зэрыхагъэхьам къыхэкIыу, УФ-м ПсэупIэмкIэ и кодексым зэрыщыгъэувам тету, КъБР-м капитальнэ ремонтымкIэ и щIыналъэ фондым пеняр ятрилъхьэну хуитщ. Ауэ, зэблэкIыгъуэ зэманыр республикэм и цIыхухэм къатемыхьэлъэн щхьэкIэ, капремонтым фIэкIыпIэншэу халъхьэн хуейм ехьэлIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм мыхьэнэшхуэ зиIэ унафитI къащтащ. Япэрауэ, инфляцэм и коэффициентыр зэрыхъум тещIыхьауэ гъэ къэс щIатыр нэхъыбэ ящIыну къытракъуэзэми, илъэс етIуанэ хъуауэ нэхъ мащIэ дыдэу халъхьэ взносым хагъахъуэркъым. ЕтIуанэрауэ, фэтэр куэд хъу унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымкIэ фондым и къыщхьэщыжакIуэ (попечительскэ) советым и унафэкIэ, капитальнэ ремонтым хуэзэ взносыр и чэзум зымытым пеня тралъхьэркъым. Арами, псэупIэр зейхэм ар дерс яхуэхъуркъым. Абы къыхэкIыу, республикэм унафэ пыухыкIа къыщащтащ. Иджы жэпуэгъуэм и 1-м и ужькIэ капремонтым и взносымкIэ щIыхуэ зытелъым пеня тралъхьэнущ. А Iуэхур законыщIэм къигъэув хабзэхэм тету къызэрагъэпэщынущ. Псалъэм папщIэ, пеняр щытехьэр взносыр мазэкIэ ямыта нэужьщ, ауэ мазищ къыкIэлъыкIуэм абы хуэдитIкIэ хохъуэ. А щIыкIэм тету, илъэсым хуэзэ процент 11-м и пIэкIэ, пеняр щIыхуэхэм я процент 30-м нэсынущ. Къапщтэмэ, сом минищ зытелъым абы и лейуэ сом щибгъу итынущ.

Къызэрыхэдгъэщащи, Урысейм Ухуэныгъэмрэ ЖКХ-мкIэ и министерствэм а жэрдэмыр диIыгъащ.

*Гу зылъытапхъэ:* хабзэм ипкъ иткIэ, пеняхэр, взносхэми хуэдэу, капитальнэ ремонтым халъхьэнущ. Зэхуахьэсыр щымащIэ ди республикэм дежкIэ ар сэбэпышхуэщ.

Фэтэр куэд хъу унэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжынымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэ операторым и IуэхущIафэм, капремонтым хуэзэ взносымкIэ щIыхуэхэр зэратыжым щIэупщIэну хуейхэм мы хэщIапIэм зыхуэвгъазэ хъунущ: Налшык къалэ, Лермонтовым и цIэр зезыхьэ уэрам, 22, ещанэ къат. ПщIэншэу лажьэ телефоныр: 8-800-700-64-12, сыхьэти 9.00-м къыщыщIэдзауэ 18.00 пщIондэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

## Ягъэкъуаншэхэр зыгъэзахуэ унафэ къащтакъым

**Республикэм и прокуратурэм и уголовно-суд къудамэм къипщытащ Iэщэхэр, шэхэр, къагъауэ веществохэр, Iэмэпсымэхэр хуимыту зэблэзыгъэкIхэм яхуэгъэзауэ къызэIуаха уголовнэ Iуэхухэм япэ мазихым зэрыхэплъар.**

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и судхэм апхуэдэ Iуэхуу 37-рэ зэпкърахащ, цIыху 36-рэ ягъэтIысащ (7-р условнэу), зым и хуитыныгъэр ягъэмэщIащ. КъищынэмыщIауэ, 6-м етхьэкъуащ, нэгъуэщI зыми и хуитыныгъэр ягъэмэщIащ.

Ягъэкъуаншэхэр зыгъэзахуэ унафэ судхэм къыщащтакъым.

Дунейм зэрехыжам къыхэкIыу, зы цIыхум хуэгъэза уголовнэ Iуэхур къызэтрагъэувыIащ.

Зи гугъу тщIы зэманым къриубыдэу апелляцэ тхылъихым арэзы техъуащ. Тхьэусыхафэхэм щыхэплъэж судым суд унафитI икъутэжащ.

Республикэм и прокуратурэм кассацэ тхылъитI игъэхьэзырати, абыхэми арэзы техъуащ. ЯгъэтIысахэр суд унафэхэм иритхьэусыхэжакъым.

## ЩхьэзыфIэфIыр жэуапым ирашалIэ

**ЩIымкIэ законодательствэм къигъэувхэр зэрагъэзащIэр Шэрэдж щIыналъэм и прокуратурэм къипщытащ.**

КъызэрахутамкIэ, «Шэрэдж-1» ООО-м и унафэщIхэм мэкъумэш щIапIэхэм щыщ щIы Iыхьэ щхьэзыфIэфIу къаубыдауэ, я щхьэ IуэхукIэ къагъэсэбэпырт.

«Шэрэдж-1» ООО-м зэпеуэмкIэ и нэхъыжь Вэрокъуэ М. Къэщкъэтау поселкэм и гъунапкъэм хуэзэу Шэрэдж - Безенги псы нэпкъым еуалIэ гъавэ щIапIэм щыщ щIы Iыхьэ хуимыту зыIэригъэхьэри, нэгъуэщI IуэхущIапIэм ухуакIуэ техникэрэ мывэхьэжрэ щригъэгъэуват.

Къэпщытэныгъэ нэужьым, УФ-м и КоАП-м и 7.1-нэ статьямкIэ щIыпIэ прокурорым административнэ IуэхуитI къызэIуихащ. Урысей Реестрым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэр абыхэм хэплъэри, «Шэрэдж-1» ООО-м сом мини 150-кIэ, зэпеуэмкIэ унафэщIым - сом мин 30-кIэ етхьэкъуащ.

● Гъуазджэ



ЩIалэгъуалэ къафэ («Хъуромэ»).
*Сурэтыр* **Выщхъэ Iэдэм** *трихащ.*

● Iуащхьэмахуэ щIыналъэ

## ЗэхъуэкIыныгъэхэр игъуэтынущ

**Налшык и кхъухьлъатэ къэтIысыпIэр иджырей дунейпсо мардэхэм тету зыхуей хуэгъэзэным ехьэлIауэ Урысейм ТранспортымкIэ и министерствэм иубзыхуащ 2016 - 2018 гъэхэм къриубыдэу ящIэнур.**

АБЫ ХОХЬЭ таможеннэ къэпщытэныгъэхэр щрагъэкIуэкI пэшхэр зэманым къезэгъыу зэрагъэпэщыжыныр, IуэхущIапIэ пэшхэм къахэгъэхъуэныр, цIыхухэмрэ абыхэм яIыгъ хьэпшыпхэмрэ щеплъ пэшхэр зыхуей хуэгъэзэныр. МардэщIэхэм тету а IэнатIэр къагъэщIэрэщIэжмэ, зы сыхьэтым цIыху 250-м еплъыфынущ (иджыкIэ 50-щ благъэкIыфыр).

Республикэм и кхъухьлъатэ къэтIысыпIэр зэпэщу щытын зэрыхуейр, дауи, гурыIуэгъуэщ. Ауэ мы Iуэхур щIыщIагъэхуабжьэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр бгылыжэ спортым дихьэххэм папщIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щрагъэкIуэкI ухуэныгъэ инхэрщ.

**ЛЪОСТЭН Музэ.**

## Налогышхуэ зэрыщIиуфам къыхокI

**«Эталон» ООО-м и унафэщI, 1980 гъэм къалъхуа цIыхухъум хуэгъэзауэ уголовнэ Iуэхур къызэрызэIуахар КъБР-м и прокуратурэм хабзэм езэгъыу къилъытащ. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэ зэрилэжьам къыхэкIыу (налогрэ нэгъуэщI ахъшэу организацэм итын хуейр зэрыщIиуфам папщIэ).**

УГОЛОВНЭ тхылъхэм къызэрыхэщымкIэ, «Эталон» ООО-м и унафэщIым ищэм дыщIигъуж уасэм техьэ налогыр декларацэм пцIыуэ къыщигъэлъагъуэурэ, 2012 гъэм и еплIанэ кварталымрэ 2013 гъэм и 1 - 4-нэ кварталхэмрэ къриубыдэу налогышхуэ - сом мелуан 41-м нэблагъэ щIиуфащ.

ЗэхищIыхьам папщIэ, ягъэкъуаншэм илъэси 6-м нэс къэехь.

***КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапIэ.***

● Щэнхабзэ

# НыбжьыщIэхэм ядолажьэ

**ШколакIуэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм сыткIи тещIыхьащ ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зэрихьэу Налшык дэт республиканскэ сабий библиотекэм и лэжьыгъэр.**

МЫБЫ щылажьэхэр щIэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэм яIуощIэ, ахэр дэзыхьэх тхылъхэм теухуауэ зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр къызэрагъэпэщ.

Библиотекэр пыщIэныгъэшхуэ хуиIэу долажьэ Долинск хьэблэм дэт «Лэгъупыкъу» сабий санаторэм.

«Тхылъым игъэхуабэ гъэмахуэ» фIэщыгъэм щIэту гъэмахуэм и кIэух шыщхьэуIу мазэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр цIыкIухэм я акъылым зезыгъэужь дерсхэмкIэ гъэнщIащ. Зэпеуэм хэта еджакIуэхэм я зэфIэкI ягъэлъэгъуащ щIыуэпсымкIэ, биологиемкIэ, бзэ щIэныгъэмкIэ. Библиотекэм и лэжьакIуэхэри щIэджыкIакIуэ ныбжьыщIэхэри жыджэру хэтащ лъэпкъ литературэм теухуауэ ирагъэкIуэкIа викторинэми.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

